„Утверждаю“

МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени  Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# Доклад на тему: « Культура общения» (Г1иллакх)

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

меттан тайпанаш; меттан дешнаш (лексика), церан д1аалар, дошкхоллар, граммотика. Царах лаьцна дуьйцу граммотикан а, литературан а учебникашкахь а, шакъасттинчу справочникашт1ехьа а, орфографичесски а, фразеологически а, синонимийн а, дешнаш довзитаран а словараш т1ехь а.

2. Барта а, йозанан а литературни мотт- иза исбаьхьаллин произведенийш а, телевидени а, радиан а, газетийн а, журналийн а мотт бу, иза пачхьалкхан а, иштта культурни учрежденийн а мотт бу. Литературни меттан норманаш, бакъонаш йовза а, хаа а декхарийлахь ву х1ора культурни стаг. Халкъан мотт шарбеш, нисбеш, цунах бакъонца литературни мотт беш, г1уллакх динарш, къахьегнарш яздархой а, 1илманхой а, литературни критикаш а, гочдархой а (переводчикаш), журналисташ а (газетийн, журналийн, телевиденин, радион белхахой), юкъараллин деятельш а бу. Цу т1ехь дика г1о до хьехархоша а. Литературни маттана юкъа ца доьлху товш доцу девне дешнаш а (вуьлгаризмаш), к1езиг бен йоцчу табанийшн дешнаш а (жаргонизмаш).

Маь1ница нийса дог1у дешнаш харжа а, царех предложенеш нийса х1отто а, шен ойланаш ма - ярра д1айийица а хаа деза. Къаьелан куьтура мотт нийсий, хазий, оьздий бийца хаарх йозу.

1.Шен х1оттаме диллича нохчийн халкъан мотт цхьантайпанара бац. Нохчийн меттан диалекташ а, нохчийн литературни мотт а цхьаълара йиш яц, х1унда альча литературни маттахь дешнаш харжар а, церан д1аалар а, церан грамотически форманаш а цхьана билгалчу бакъонашна а, норманашна а карайоьрзуш хуьлу, ткъа нохчийн меттан диалекташкахь олуш долу дешнаш, вайнаха нохчийн мотт шайн-шайн метигашка оьзна буьйцуш хиларе терра, тайп-тайпана, шайн-шайнна 1еминчу а, марзделлачу а кепара олу, х1оранна а ша-ша эриг нийса ду а моьттуш. Шуьйтахь, х1инца ца олуш, х1инца олу, аьккхаша, к1удал ца олуш, турха олу; цхьаболчу наха, йши лакха, шуьца, шуьга, дуьхьар б1арлаг1а, чийрак ца олуш, йиша лакха, шоьца, шоьга, духхал, б1аллг1а, чийлак олу. Литературни маттахь йши лакха, шуьца, шуьга, дуьххьар, б1арлаг1а, чийрик ала деза. Йши локхуш (песня) ю, йшиа вешин йиша ю (сестра), дуьххьар цкъа а хилаза дуьххьар ( впервые) бохург ду, б1орлаг1а а г1алартахь (призраках) олу, чийрик 15 минотах, чийлак ведарх олу.
Шуьца, шуьга, шоьца, шоьга нохчашна юкахь цу шина а кепара, ткъа Ножин - Юьртан районехь - шоьца шоьга. Царах литературни маттахь ( граматикехь, орфографехь) нийса шуьца, шуьга ду, х1унда альча мукъа аз у к1адлуш уь - не доьрзу (шу - шуьга; тур - туьро, туьре, хьун - хьуьно, хьуьно, хьуьнца, хьуьне), ткъа - о - оь - не доьрзу (со - соьга; хьо - хьоца, хьога, лом - лоьме, лоьмаца).
Бакъонаш а, норманаш а ларъяр литературни меттан уггаре а мехала а, ца хилча ца торуш а йолу башхалаш ю. Литкратурни меттан норманаша а, бакъонаша а, цуьнан ерриге а аг1онаш юкъалоцу: барта а, йозанан а